

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


Dina ieu bab dipedar ngeunaan désain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, sarta instrumén panalungtikan. Sangkan ngahasilkeun panalungtikan anu hadé, tangtuna kudu dibarengan ku métode panalungtikan. Métode panalungtikan nyaéta cara anu dipaké pikeun ngumpulkeun data panalungtikan kalawan téhnik sarta alat-alat anu tangtu (Arikunto, 2013), kc. 203).

1.1. Desain Panalungtikan

Panalungtikan nu bakal digarap ieu kagolong kana panalungtikan kualitatif, kusabab métode anu digunakeun nyaéta métode déskriptif analitik. Métode déskriptif analitik mangrupa métode gabungan antara métode déskriptif jeung métode analisis, métode déskriptif analitik dipaké pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta anu saterusna dianalisis (Ratna, 2013), kc. 53).

Dina ieu panalungtikan, baris dilaksanakeun sawatara kagiatan, di antarana nya éta: 1) tahap tatahar, 2) tahap ngumpulkeun data ngaliwatan tahap maca naskah drama *Panti Jompo* jeung nganalisis data dumasar kana struktur drama, 3) tahap ngolah data ku cara ngadéskripsikeun eusi naskah tur nyieun kacindekan ajén moral tina data nu aya, 4) jeung nyusun laporan.

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan



1.2. Data jeung Sumber Data

1.2.1. Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sagala rupa référénsi nu mangrupa buku, sumber nu aya patalina jeung panalungtikan, jurnal, jeung sumber lianna nu ngarojong kana ieu panalungtikan.


1.2.2. Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina panalungtikan mangrupa subjék ti mana data éta dimeunangkeun. Sumber data utama anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta naskah drama *Panti Jompo* karya Hidayat Suryalaga sarta sagala rupa référénsi, boh tina buku, jurnal, éséy, jeung warta média massa anu ngadukung kana panalungtikan hususna ngeunaan naskah drama *Panti Jompo*, pangarangna, sarta buku sumber nu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

1.2.3. Naskah Drama

1.2.3.1. Idéntitas Naskah Drama Panti Jompo

Judul	: “Panti Jompo”
Pangarang	: R. Hidayat Suryalaga
Taun Dijieunna	: 1985
Kandel buku	: 18 kaca
Warna jilid	: Bodas



Gambar 3.1

1.2.3.2. Ringkesan Naskah Drama Panti Jompo

Di hiji poé, aya acara peresmian panti jompo anyar anu disumpingan ku babaraha urang. Saacan diresmikeun, MC acara nepikeun yén acara téh bakal di buka ku biantara ti pingpinan panti jompo, Bapa Pejabat nu di lajeng ku ngaresmikeun panti jompo. Nu mimiti pingpinan panti jompo nyaéta Ibu Mulyasih nepikeun biantara sacara singket. Anjeunna ngahaturkeun nuhun kana nu tos sumping, sarta ngajéntrékeun yén panti jompona ukur narima lima urang jalmi nu tiasa dititipkeun. Sakumaha nu ditepikeun ku Bu Mulyasih panitén reuwas lantaran panti jompona ukur narima lima urang, nu antukna nimbulkeun patalékan-patalékan ngeunaan éta. Naha beut lima

urang? naon alasanna? Jsb. Pingpinan ngajelaskeun kunaon nu nyababkeun ukur narima sakitu téh nya lantaran waragad nu aya teu nyumponan pikeun nyieun kamar leuwih ti lima. Ku alesan nu aya panitén narimakeun hal éta, tuluy dilajengkeun ka biantara ti Pejabat. Sanggeus Bapa Pejabat nepikeun biantarana, acara dilajeng ku peresmian panti jompo ku cara ngaguntung pita.

Acara peresmian réngsé, sakabéh panitén nuturkeun Ibu Mulyasih pikeun ningalian kaayaan panti jompona. Sanggeus ningalian kaayaan panti jompo Ibu Mulyasih naroskeun aya atanapi henteuna nu badé nitipkeun sepuhna di panti jompo éta. Para tamu paboro-boro pikeun nitipkeun sepuhna, tapi ku lantaran nu rék nitipkeun leuwih ti lima. Para tamu mulai nga agul-agulkeun pagawéanna, lantaran pemasukanna gedé. Maranéhna ngarasa paling mampu pikeun mayar sabaraha waé jang nitipkeun sepuhna. Geus babaraha lila para tamu debat ngeunaan penghasilanna sarta mamawa jabatanna saha nu leuwih pantes henteuna pikeun ditarima di éta Panti Jompo, akhirnya Bu Mulyasih celetuk rék ditutup waé lantaran geus teu kondusif. Para tamu kalah lajeng waé nawisan ka Bu Mulyasih pami éta panti badé dijual waé ka anjeunna. Janten wéh ayeuna mah para tamu téh ngadebatkeun saha nu pantes jang meuli panti éta. Bu Mulyasih ukur cicing bari lieur ningalikeun maranéhna darebat.

Teu kungsi lila diluar hujan, tuluy Bu Mulyasih ningal aya nini-nini keur ngiuhan di gerbang panti. Bu Mulyasih nitah Ati Mulyati asisténna pikeun nyandak nini itu ka lebet, kanggo ngiuhan waé di lebet. Saparantos di candak ka lebet, nini éta nyarios yén namina téh enin Euis. Enin Euis carita yén anjeunna téh diusir ku minantuna lantaran meupeuskeun pisin. Para tamu ngahontak lantaran reuwas ngadéngéna, naha minantu beut wani ngusir indung lantaran meupeuskeun pisin hungkul. Akhirnya Bu Mulyasih nawisan ka enin Euis pikeun di panti waé, enin Euis nu kawitna alim akhirnya mah hoyongeun. Enin Euis dijajapkeun ka kamarna waé. Para tamu lajeng debat deui ngeunaan janten henteuna éta panti dijual, namung Bu Mulyasih mutuskeun kanggo teu dijual waé, badé dilajeng waé muka panti.

Teu lila aya sora béca dihareup panti, béca éta téh mangrupa minantu sarta anakna enin Euis nu geus saminggu néangan nin Euis nu teu balik-balik. Minantuna nyarita yén anjeunna téh teu ngusir, éta mah ukur salah paham hungkul lantaran anjeunna ker ambek ka budakna jadi enin teu kahaja kasebrot ambekna, sarta minantuna ngolo enin sangkan daék balik. Budakna gé ngomong yén piraku budak sorangan

mbung ngurus indung sorangan, ku kekecapan budaknan enin Euis akhirna daék balik. Aranjeunna balik tiluan kana béca. Teu lila debat dilajengkeun deui, yén saha nu bakal ditarima di éta panti. Ku lantaran pa Pejabat ningal enin Euis jeung budakna tadi, anjeunna ngarasa luluh ku kekecapanna, janten pa pejabat mah teu jadi nitipkeun rama na di éta panti. Ku kituna kamar masih kosong kabéh, akhirna Bu Mulyasih ngomong yén ditarima kabéh da nu rék nitipkeun geus pas limaana. Para tamu dibéré persyaratan sangkan bisa nitipkeun sepuhna, persyaratanna téh saperti serat katerangan ti RT, RW, Lurah, Camat, sarta aya syarat salah sahijina téh boga surat katerangan jalma teu mampu. Ngadéngé éta para tamu ngarasa teu sanggem, lantaran ngarasa harga dirina turun lamun nyieun serat teu mampu mah. Antukna kabéh tamu teu jadi nitipkeun sepuhna di éta panti jompo.

1.2.4. Biografi Pangarang

Hidayat Suryalaga nyaéta ahli budaya jeung akademisi Sunda. Radén Hidayat Suryalaga dibabarkeun di Banjarsari, Ciamis, 16 Januari 1941. Ramana (alm.) Rd. Oesman Sadli Sumadilaga nu mangrupa *inspektur* polisi. Salian ti humanis, R. Hidayat Suryalaga ogé guru jeung sastrawan Sunda. Anjeunna namatkeun atikan di SR (Sakola Rakyat) taun 1954, SGA taun 1961, *Bimbingan dan Konseling* pikeun tingkat III taun 1964, Fakultas Sastra Universitas Padjadjaran taun 1986. Dina hal pakasaban, anjeunna pernah jadi guru SR taun 1958-1966, guru SMP taun 1966-1978, guru SGA taun 1978-1980, guru SMA taun 1980-1984, dosén Fakultas Sastra Unpad taun 1986-1998, jeung dosen Élmu Budaya Sunda Unpas taun 1992-2001. R. Hidayat Suryalaga ogé aktip di organisasi kasundaan. Nyaéta Majalah Kalawarta jeung Kudjang (1966-1978), jadi Pupuhu Yayasan Atikan Sunda (YAS) (1996-1998), Pupuhu Daya Mahasiswa Sunda (1994), Pangurus Lembaga Bahasa jeung Sastra Sunda (2000-2005), anu ngadegkeun sarta Penasihat Téater Sunda Kiwari (1975-2010), Penasihat Yayasan Nur Hidayah (1992-2010), Pupuhu Lembaga Kabudayaan Unpas (1992-2000), Staf Ahli Kabudayaan Unpas (2000-2004), jeung Pangurus Yayasan Daya Budaya Pasundan.

Salaku sastrawan jeung seniman Sunda, R. Hidayat Suryalaga ngahasilkeun rupa-rupa karya sastra jeung seni diantaranya mangrupa naskah drama, aya 39 naskah drama basa Sunda nu ditulis ku R. Hidayat suryalaga nyaéta “Demang Dingkeung”, “Tiodédad”, “Nini Uti”, “Pangadilan Longsér”, “Kukurayeun”, “Enggah Enggih”, “Maing & Baing”, “Keurseus Derep”, “Béas”, “Arca”, “Tatangga”, “Lima Gram Kongkorong Emas”, “Nu jaradi Korban”, “Kirim Kuring Bibit Kina”, “Natasya”,

“Warisan”, “Kuring”, “Pupuh Mijil 42”, “Julius Caesar”, “Carem”, “Cempor”, “Runtah”, “Si Kabayan jadi Dukun”, “Abah Tuladan”, “Lawé Ronték”, “Tambang”, “Raja Wales”, “Setasion Para Arwah”, “Panti Jompo”, “Pundén-pundén nu rarempag”, “Garó Ganyang”, “Anu Pupuntenan”, “Horséh Lain Urang”, “Sanghiang Tapak”, “Geunjleung”, “Bon Manusa Bin”, “Simbar kancana”, “Badawang” jeung “Jendral Debel nu Debil”. Lian ti naskah drama, aya ogé karyana dina wangun naskah gending karesmén anu kungsi dipagelarkeun pikeun umum aya 13 nyaéta “Setrajaya-Candraesmi”, “Rinenggasari”, “Kembang Wijaya Puspita”, “Purbasari Ayu Wangi”, “Sangkuriang Larung”, “Hanjuang Siang”, “Saribaya”, “Lumentang ka Pajajaran”, “Nu Ngabukbak Rawa Lakbok”, “Dipati Ukur”, “Layang Salaka Domas”, “Pakeun Heubeul Jaya dina Buana Gelarna Pajajaran”, jeung “Hanjuang Siang di Kutamaya”. R. Hidayat Suryalaga kungsi ogé nyiptakeun naskah gending karesmén keur siswa SD-SMA nyaéta “Batara Rama”, “Si Leungli”, “Nyai Arum Tresna Malati”, “Ngasuh Adi”, “Budak Leungit”, “Riungan Osis”, “Gondang Sabrakan”, jeung “Pangjurung Laku”. Kungsi ogé nulis dina wangun naskah Sosiodrama keur siswa SD jeung SMP nyaéta “Kiyai Tapa”, “Mohammad Toha”, “Dewi Sartika”, “Tasma Bapa Guru”, “Ngasuh Adi”, “Ki Sabar Bagja”, jeung “Musibah Alam”. Salian ti naskah drama jeung gending karesmén, R. Hidayat Suryalaga nulis karya sastra dina wangun wawacan. Aya 10 Wawacan hasil transliterasi tina naskah buhun, hiji diantaranya dina wangun buku nyaéta: Ahmad Kaya, Séh Muhyidin, Salawé Nabi, Ajisaka, Manik Kangkran, Ciung Wanara, Munding Mitra Kasiring Wangi, Piwuruk Sepuh, Panji Wulung, Lutung kasarung sarta kungsi nulis carpon, sajak, jrrd. Tulisanna loba dimuat dina Kalawarta Kujang jeung Manglé. Karya nu séjénna nyaéta Nur Hidayah (Saritilawah Al Qur’an Basa Sunda dina wangun Puisi Pupuh), Gapura Basa (dkk), Etika jeung Tatakrama, Wulang Krama (5 Jilid), Gending Karesmen & Dramaturgi, Kiat Menjadi Mc Upacara Adat Sunda, Rinéka Budaya Sunda1.

R. Hidayat Suryalaga ngantunkeun dina yuswa 69 taun di RS Santo Yusuf, Bandung. Anjeunna maot dinten Saptu, 25 Desember 2010, tabuh 00.02 WIB sanggeus dirawat di *Unit Perawatan Intensif* (ICU) alatan panyakit liver. Abah Surya dimakamkeun di pamakaman umum anu jarakna kira-kira 50 meter ti imahna di Jalan Sukaasih Atas V nomer 348, Ujungberung, Kota Bandung,

1.3. Téhnik Panalungtikan

1.3.1. Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka mangrupa kagiatan niténan, neuleuman, nalaah, jeung ngaidéntifikasi bahan bacaan nu aya patalina jeung objék panalungtikan. Ieu téhnik dipaké nalika ngumpulkeun data pikeun nganalisis data tur néangan sumber data séjén nu ngarojong kana ieu panalungtikan.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data nyaéta:

- 1) maca buku, jurnal, artikel, jeung karya tulis séjénna nu aya patalina jeung struktur, sarta ajén moral.
- 2) nangtukeun sumber data nyaéta naskah drama “Panti Jompo” karya Hidayat Suryalaga.
- 3) maca kritis sumber data anu jadi bahan panalungtikan, nyaéta naskah drama “Panti Jompo” karya Hidayat Suryalaga.

1.3.2. Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta ku téhnik analisis data. Hal nu dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta struktur carita jeung ajén moral dina naskah drama *Panti Jompo* karya Hidayat Suryalaga. Téhnik ngolah data kualitatif sipatna induktif, nya éta nganalisis dumasar kana data nu dimeunangkeun, tuluy nyieun hipotésis, datana dipaluruh deui nepika bisa dicindekkeun, naha hipotésis ieu bisa ditarima atawa ditolak (Sugiyono, 2018), kc. 335). Sangkan leuwih jéntré, ieu dihandap dipedar ngeunaan nganalisis data:

- 1) maca jeung maham kana naskah drama *Panti Jompo* karya Hidayat Suryalaga;
- 2) nganalisis struktur carita *Panti Jompo* karya Hidayat Suryalaga;
- 3) nganalisis struktur naskah drama *Panti Jompo* karya Hidayat Suryalaga;
- 4) nganalisis ajén moral dina naskah drama *Panti Jompo* karya Hidayat Suryalaga;
- 5) nyieun kacindekan tina hasil analisis naskah drama *Panti Jompo*.

1.4. Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data digital, nu gunana pikeun ngumpulkeun jeung mindahkeun data nu geus aya sangkan gampang dina prosés nganalisis datana. Kartu datana baris digambarkeun dina tabél ieu di handap.

1.4.1. Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén panalungtikan pikeun ngumpulkeun data nyaéta ngagunakeun tabél, sangkan data nu dimeunangkeun leuwih jéntré. Ieu di handap mangrupa tabél anu digunakeun dina ieu panalungtikan:

- 1) Tabél analisis Struktur Carita

Tabél 3.1
Format Tabél Analisis Struktur Carita

No.	Struktur Carita	Cutatan	Kode
1.	Téma, Fakta Carita, Sarana Sastra	Cutatan dina naskah drama “Panti Jompo” karya Hidayat Suryalaga	NDPJ/KC

Keterangan:

- a. NDPJ : Naskah Drama Panti Jompo
- b. KC : Kaca

- 2) Tabél analisis struktur naskah drama

Tabél 3.2
Format Tabél Analisis Struktur Naskah Drama

No.	Struktur Naskah Drama	Cutatan	Kode
1.	Prolog, Dialog (wawancara, kramagung), Babak, Adegan, Solilokui, Aside, jeung Épilog	Cutatan dina naskah drama “Panti Jompo” karya Hidayat Suryalaga	NDPJ/KC

Keterangan:

- a. NDPJ : Naskah Drama Panti Jompo
- b. KC : Kaca

3) Tabél analisis ajén moral

Tabél 3.3
Format Tabél Analisis Ajén Moral

No	Kode Data	Cutatan	Ajén Moral Dumasar Konsep Bértens			
			1	2	3	4
1.	NDPJ/KC	Cutatan dina naskah drama “Panti Jompo” karya Hidayat Suryalaga				

Katerangan:

- a. NDPJ : Naskah Drama Panti Jompo
- b. KC : Kaca
- c. 1 : Ajén moral anu patali jeung tanggung jawab.
- d. 2 : Ajén moral anu patali jeung Nurani.
- e. 3 : Ajén moral anu sipatna ngawajibkeun.
- f. 4 : Ajén moral anu sipatna formal.

1.4.2. Instrumén Ngolah Data

Instrumén anu digunakeun pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data digital. Kartu data digunakeun pikeun mindahkeun data nu geus aya sangkan leuwih gampang dina prosés nganalisis ogé ngolah datana.

1) Kartu data digital analisis struktur carita

Tabél 3.4
Kartu Data Digital
Analisis Struktur Carita

KARTU DATA DIGITAL
Analisis struktur carita naskah drama “Panti Jompo” karya Hidayat Suryalaga
(Cutatan struktur carita)
(kaca)
(Analisis)

- 2) Kartu data digital analisis struktur naskah drama

Tabél 3.5
Kartu Data Digital
Analisis Struktur Naskah Drama

<p style="text-align: center;">KARTU DATA DIGITAL</p> <p style="text-align: center;">Analisis struktur naskah drama “Panti Jompo” karya Hidayat Suryalaga</p> <p style="text-align: center;">(Cutatan struktur naskah drama)</p> <p style="text-align: center;">(kaca)</p> <p style="text-align: center;">(Analisis)</p>

- 3) Kartu data digital analisis ajén moral

Tabél 3.6
Kartu Data Digital
Analisis Struktur Carita

<p style="text-align: center;">KARTU DATA DIGITAL</p> <p style="text-align: center;">Analisis ajén moral naskah drama “Panti Jompo” karya Hidayat Suryalaga</p> <p style="text-align: center;">(Cutatan ajén moral)</p> <p style="text-align: center;">(kaca)</p> <p style="text-align: center;">(Analisis)</p>
--

1.4.3. Prosedur/ Alur Panalungtikan

Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan dibagi jadi tilu, nyaéta persiapan, prak-parakan, jeung ngabéréskeun pasualan. Anapon runtuyan anu leuwih jelasna seperti dihandap.

- 1) Maca buku nu aya patalina jeung tiori struktural Robert Stanton jeung Isnéndes jeung ajén moral;
- 2) Milih jeung nangtukeun naskah drama atawa sumber data nu rék ditalungtik;

- 3) Maca sacara bulak-balik sangkan bisa maham kana carita;
- 4) Talaah struktur jeung ajén atikan karakter dina naskah drama "Panti Jompo" karya Hidayat Suryalaga;
- 5) Ngelompokkeun data dumasar kana pasualan panalungtikan;
- 6) Ngadéskripsikeun data dumasar kana pasualan panalungtikan;
- 7) Nyindekkeun hasil analisis dumasar pasualan panalungtikan;
- 8) Nyieun laporan hasil panalungtikan.